



Pou Piblikasyon Imedya: 07/05/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ACHÈVMAN DEVLOPMAN LOJMAN NAN PRI ABÒDAB KI FÈK RENOVE NAN KONTE CHENANGO

Pwojè 5.2 milyon dola a modènize epi prezève pri abòdab yon imèb 18 inite pou lwe nan New Berlin

Investisman an ap konplete “Southern Tier Soaring” – ki se estrateji global rejyon an pou revitalize kominote yo epi devlope ekonomi an

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a achèvmann renovasyon nan Apatman Red Mill, yon konplèks lojman nan pri abòdab 18 inite, 5.2 milyon dola nan komin New Berlin nan Konte Chenango. Pwojè a ap amelyore sekirite ak kalite lavi pou Nouyòkè yo pandan l ap prezève pri abòdab yo alontèm epi konplete “Southern Tier Soaring” – ki se estrateji global rejyon an pou revitalize kominote yo epi devlope ekonomi an.

“Administrasyon mwen an kontinye fè lojman premye priyorite pou asire ke tout Nouyòkè gen aksè nan yon kote ki nan pri abòdab, sekirize epi stab ke yo ka rele lakay yo,” **Gouvènè Hochul te deklare.** “Pwojè Apatman Red Mill la konplete plan istorik nou an lè nou investi nan resous lojman ki egziste yo epi pwoteje pri abòdab la nan kominote nan tout eta a.”

Nan senk ane ki pase yo, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la te kreye oswa prezève 3,500 lojman nan pri abòdab nan Southern Tier. Apatman Red Mill yo kontinye efò sa epi konplete Plan Lojman konplè 25 milya dola Gouvènè Hochul la k ap kreye oswa prezève 100,000 kay nan pri abòdab atravè New York, ki enkli 10,000 kay ki gen sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay.

Reyabilitasyon an enkli vide andedan bilding lan ak reparasyon elaji nan deyò a. Bilding lan te resevwa yon nouvo twati, fenèt, mi, ak pòt; mizajou chofaj, plonbri, elektrik, ak sistèm ponp septik yo; ak nouvo sistèm alam ensandi pou konplèks la.

Tout apatman yo disponib pou fanmi k ap fè 80 pousan oswa pi piti pase Revni Mwayen Zòn nan (Area Median Income, AMI). Yon Defansè Lojman Familyal Entansif a tan plen disponib pou bay sèvis sipò tankou konpetans edikatif ak fòmasyon pou lavi, fòmasyon sou konpetans travay, oswa sèvis jesyon dosye.

Pwojè a sipòte pa yon finansman 5.2 milyon dola Sibvansyon Global pou Devlopman Kominotè Lwa CARES la ke HCR administre pou Konte Chenango nan patenarya ak Greater Opportunities for Broome and Chenango, Inc., finansman federal CDBG-CV yo te bay eta yo an 2020 pou sipòte pwojè kominotè ki abòde pwoblèm ki lye ak COVID-19 la. Lè nou asire aksè nan yon kote ki sekirize epi nan pri abòdab nan New Berlin, sa ap diminye risk pwopagasyon viral epi amelyore sante piblik la.

Pwojè sa nan Apatman Red Mill yo apiye envestisman resan HCR nan kominote riral yo nan Konte Chenango. Konte a konplete yon [ekspansyon rezo entènèt wo debi](#) nan New Berlin ak Norwich ane pase a ki itilize yon envestisman 1.9 milyon dola CDBG-CV ke HCR administre. Mwa mas sa, HCR te bay plis pase 1.5 milyon dola ki soti nan [Pwogram NYS HOME-ARP](#) la pou renove kat inite nan 30 Genesee Street nan New Berlin, k ap rezève pou fanmi k ap fè 60 pousan oswa pi piti pase Revni mwayen zòn nan (AMI) ki gen bezwen sèvis sipò. Y ap itilize pri sa nan konbinezon ak yon [pwojè kat etaj](#) ki sou kote ki finanse pa Pwogram Asistans Lojman pou Sanzabri Biwo Asistans Tanporè ak Enfimite (Office of Temporary and Disability Assistance) Eta NY la.

Anons jodi a konplete tou pwojè "Southern Tier Soaring" lan, ki se estrateji global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djanm ak devlopman kominotè. Plan ki fèt nan nivo rejyonal la konsantre sou atire yon mendèv ki plen talan, grandi biznis yo ak estimile inovasyon pwochen jenerasyon an. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York, te deklare, "Kriz lojman an afekte chak rejyon nan eta a, e pwojè sa demontre nou serye konsènan envestisman nan kominote tout dimansyon pou asire ke plis Nouyòkè ka gen mwayen pou rete isit la. Atravè pri 5.2 milyon dola CDBG CARES nou an, Apatman Red Mill yo ap ede bay 18 fanmi nan New Berlin yon kote ki sekirize, epi modèn pou rele lakay yo pou ane k ap vini yo. Nou remèsye patnè lokal nou yo ki enkli Konte Chenango ak Greater Opportunities for Broome and Chenango dèske yo rann pwojè sa posib."

Lidè Majoritè, Chuck Schumer, te deklare, "Chak rezidan nan Konte Chenango merite yon kote ki an sekirite epi ki garanti pou yo rele lakay yo, epi mwen fyè dèske m wè gwo envestisman 5.2 milyon dola ki soti nan Lwa CARES mwen te oryante pou adopte a, te bay envestisman ki tèlman nesèsè sa nan lojman nan pri abòdab pou popilasyon ki pi vilnerab nou yo. Depans lojman ki wo se yon faktè kle enflasyon kidonk nou dwe konstui plis lojman pou bese pri ki elve sa yo. Achèvmant apatman sa yo se ogmante nouvo opòtinite lojman nan pri abòdab pou Konte Chenango pandan y ap bay sèvis sipò pou amelyore kalite lavi rezidan yo. Mwen bat bravo pou angajman Gouvènè Hochul pou ogmante aksè nan lojman nan pri abòdab nan New Berlin ak atravè Eta New York, epi m ap kontinye goumen pou ogmante apwovizyonman lojman epi kreye yon New York ki pi abòdab epi vivab pou tout moun".

Senatè Eta a Joseph Griffo te deklare, "Li enpòtan pou tout segman nan popilasyon an nan eta a gen aksè ak lojman ki an sekirite ak abòdab. Pwojè sa a ap ofri opsyon lojman anplis ak sèvis sipò pou rezidan yo nan Konte Chenango".

Manm Asanble Joe Angelino te deklare, "Renovasyon ki fèt nan Apatman Red Mills yo ap yon bon bagay ki ajoute nan kominote a, k ap amelyore kalite lavi pou anpil moun pandan l ap rete nan pri abòdab. Mwen byen kontan wè investisman sa nan kominote riral nan nò eta a."

Sipèvizè Komin New Berlin Wendy Rifanburg te deklare, "Nou onore ke Greater Opportunities for Broome and Chenango te resevwa sibvansyon sa ki te pèmèt renovasyon nan konplèks Apatman Red Mills la. Nou rekonesan pou travay di ak devouman chak moun pou pwojè sa. Konplèks ki fèk renove a ap yon atou pou kominote sa pou ane k ap vini yo."

Majistra Vilaj New Berlin an, Peter Lennon, te deklare "Renovasyon Pwopriyete Red Mill lan, ki nan nò Vilaj New Berlin, te jenere ond pozitif ki depase limit fizik zòn pwojè a. Vwazen nou yo ki abite nan pwopriyete Greater Opportunities jere yo fyè yon lòt fwa ankò pou rele inite lojman modèn, ki sekirize sa yo lakay yo. Red Mill ofri yon nouvo antre nan Vilaj la ki atreyan kounye a. Mwen te pale tou ak anpil moun ki te enplike nan aspè fizik pwojè a - rezidan lokal k ap travay pou sipòte rezidan lokal yo - yon gran pati nan pewòl la te re-investi nan kominote nou an."

PDG Greater Opportunities for Broome and Chenango, Mark Silvanic, te deklare, "Nan non Greater Opportunities for Broome and Chenango, mwen ta renmen eksprime rekonesans sensè nou bay Biwo Renouvèlman Kominote Eta New York la pou finansman li rann posib pou pwojè sa. Finansman sa ap ede nou bay lojman ki sekirize epi nan pri ki abòdab pou fanmi ki gen revni ki fèb nan zòn nou an, ki fè fas ak anpil defi ak baryè pou jwenn yon kote ki desan pou abite. Lojman pa sèlman yon dwa imen fondamantal, men li se yon faktè kle pou byennèt ak devlopman yon kominote tou. Lè nou investi nan lojman, n ap investi nan lavni rejyon nou an. Finansman an jenere tou benefis ekonomik pou biznis ak travayè lokal nou yo, pandan n ap anplwaye komèsan ki kalifye pou fini travay la epi achte materyèl kay founisè lokal yo. Yon pwojè konsa kreye travay ak revni pou kominote nou an epi li te ede estimile repriz apre pandemi an. Greater Opportunities angaje pou travay pou elimine sityasyon sanzabri nan konte nou an, e nou apresye soutyen ak patenarya ou nan misyon sa."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)